# KREDIT MODUL SISTEMASINDA STUDENTLERDIŃ ÓZ-BETINSHE JUMISIN SHÓLKEMLESTIRIW

**Saparov Turdıbay**
p.i.k. docent

**Joldasbaeva Ramuza**
NMPI
70110103-Bilimlendiriw mekemelerin basqarıw
qənigeligi 2-basqısh magistrantı

## ANNOTACIYA

Maqalada studenttiń bilim alıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıqtı oyatıwda úlken áhimyetke iye bolǵan studenttiń tolıq óz betinshe jumısın hám oqıtıwshı basshılıǵında alıp barılatuǵın studenttiń óz betinshe jumısın shólkemlestiriw jolları úyrenilgen.

**Kalit sozlar:** Sillabus, innovatsiya, kurs ishi, slayd, olimpiada, tezis, annotatsiya, glossariy, referat, kollokvium, internet, intervyu, krujok, magistr, bakalavr, dissertatsiya, texnologiya.

**Аннотация**

В статье рассмотрены пути организации полноценной самостоятельной работы ученика и самостоятельной работы ученика, осуществляемой под руководством учителя, имеющей большое значение для пробуждения интереса ученика к обучению.

**Ключевые слова:** силлабус, слайд, инновация, курсовая работа, слайд, Олимпиада, дипломная работа, аннотация, глоссарий, реферат, коллоквиум, интернет, интервью, кружка, магистр, бакалавр, диссертация, технология.

**Abstract**

The article explores the ways to organize the full-fledged independent work of the student, which is of great importance in arousing the student's interest in learning, and the independent work of the student, which is carried out in the teacher's judgment.

**Key words:** syllabus, innovation, course sentence, slide, Olympics, thesis, annotation, glossary, abstract, colloquium, internet, interview, mug, Master, Bachelor, dissertation, technology

Ózbekistan Respublikası prezidentiniń 2017-jıl 7-fevraldaǵı PF-4947 sanlı pármanı menen tastıyqlanǵan 2017-2021-jıllarda Ózbekistan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes áhmiyetli baǵdarı boyınsha háreketler strategiyasında milliy kadırlardıń básekige shıdamlılıǵı hám dúnya júzlik praktikaǵa tiykarlanǵan joqarı bilimlendiriw milliy sistemasınıń sapası artıwına bolonya procesine qatnasıwshı mámleketlerdiń diplomlarınıń óz-ara tán alınıwına járdemlesiwshi bolonya dekloratsiyasına qosılıw máselesin kórip shıǵıwdı belgilep beredi[1].

Studentlerdiń óz-betinshe jumısı studenttiń oqıw iskerliginiń eń áhimiyetli túrinen biri esaplanıp berilgen tapsırmalardı óz-betinshe orınlawǵa bilim alıwǵa qızıǵıwshılıq nátiyjede málim bir pán tarawınan bilimliligin arttırıwǵa baǵdarlanǵan.

Studenttiń óz betinshe jumısı logikalıq pikirlewdi dóretiwshilik jaqtan aktivlilikti oqıw materiyalın ózlestiriw barısında ilimiy-izertlewshilik qatnastı qáliplestiriwge múmkinshilik jaratatuǵın ámeliy tapsırmalardı orınlaw menen baylanıslı boladı.

Negizinde joqarı oqıw orınlarında studenttiń óz betinshe jumısın studenttiń tolıq óz betinshe orınlaytuǵın jumısı hám studenttiń auditoryadan tıs oqıtıwshınıń basshılıǵında orınlanatuǵın óz betinshe jumısı dep ekige bóliwge boladı. Bakalavrıyattıń kúndizgi bilim beriw túrinde studenttiń óz betinshe jumıslarına ajıratılǵan saat pánge ajıratılǵan saattıń jartısına teń boladı. Al student oqıtıwshınıń basshılıǵında orınlaytuǵın óz betinshe jumısı ulıwma óz betinshe jumıstıń 50 % ne teń boladı.

Sırtqı tálimde studenttiń óz betinshe jumısınıń kólemi pánge ajıratılǵan saat kóleminiń 80% tin iyelegeni maqul boladı. Oqıtıwshınıń basshılıǵında studentlerdiń óz betinshe islegen jumısları ushın ajıratılǵan saatlar oqıtıwshınıń juklemesine tolıǵı menen kirmeydi. Al ayırım kontakt shınıǵıwlar ushın óz aldına júkleme belgilenedi. Olarǵa esabat sızba jumısı, kurs jumısı, pitkeriw jumısı, magistrlik dissertatsiya hám t.b. jatadı. Studentlerdiń óz betinshe jumısın tómendegi kóriniste shólkemlestiriw múmkin[2].

Negizinde talabalardıń óz betinshe jumısın shólkemlestiriw úsh baǵdarda alıp barıladı.

1.Studenttiń tikkeley ózi tárepinen (mobil qurılma járdeminde) ámelge asırılatuǵın óz betinshe jumısları.

2.Oqıtıwshınıń basshılıǵında alıp barılatuǵın studenttiń óz betinshe jumısı.

3.Elektron kórinistegi (mobil qurılma járdeminde) oqıtıwshınıń basshılıǵındaǵı studenttiń óz betinshe jumısı.

Studentti tikkeley ózi tárepinen mobil qurılması járdeminde ámelge asırılatuǵın óz betinshe jumısına tómendegilerdi kirgiziw múmkin.

– Sabaqqa tayarlanıw – lekciya jazıw video materiyallar ámeliy shınıǵıwlar, labaratoriya jumısları hám t.b.

– informatsiya izlew – maqsetke muwapıq internet materiyalların úyreniw.

– FAQ (kóp soralatuǵın sorawlar) student ózin qızıqtırǵan másele boyınsha másláxát alıw ushın aralıqtan bilim beriw platformasınıń másláxát sistemasına (glossariyge) eki oqıtıwshıǵa múrájáti.

- Test sheshiw – pánge tiyisli testlerdi sheshiw arqalı bilimin arttırıwı. qadaǵalaw jumıslarına tayarlıq.

– pán boyınsha belgilengen aralıq hám juwmaqlawshı jumıslarǵa tayarlıq kóriw.

Oqıtıwshınıń basshılıǵında alıp barılatuǵın studenttiń óz betinshe jumısı.

**Másele sheshiw** - ámeliy sabaqtıń teması boyınsha berilgen máselelerdi sheshiw hám onı jazba túrde tapsırıw.

**Kórsetiw usınıw** - aldınnan berilgen tema dógereginde tayarlanǵan slayd hám video materiyallar járdeminde ámelge asırıladı.

**Referat** – mashqalanıń jazba bayanı bunda ádebiy dereklerge sholıw jasaladı, yaki ilimiy jumıs hám kitaplardan analizlenip bayan etiledi.

**Kollokvium**- oqıw bóliminiń teoriyalıq bóliminıń ózlestliriw dárejesin tekseriw maqsetinde sáwbetlesiw shólkemlestiriw

**Esse-** aktual tema boyınsha jeke pikirin kritika publikistika hám basqada janrlarda jazaba bayan etiw.

**Glossariy** – berilgen tema boyınsha atamalardıń qısqasha túsinigi.

**Keys**-Stadi-óndiristegi mashqalalı jaǵdaylar boyınsha belgilengen túrdegi tapsırmalarǵa sheshim izlew.

**Is oyınları** - kásiplik iskerlilik processlerin imuaciya etiw, saplastırıw, róllerdi atqarıw arqalı kásiplik kónikpelerdi arttırıw.

**Topar proekti** – úsh hám onnanda kóbirek studenttiń birgelikte proekt jumısın orınlawı.

**Esap** – sızılma jumısları – ádette texnikalıq pánlerden (injenerlik grafikası, elektrotexnikası, xabar texnologiyaları hám t.b) Ámelge asırılatuǵın jumıslar babında metodikalıq qollanbalar tiykarında jazılatuǵıń grafik hám esap jumısları.

**Kurs jumısı** -bir yaki bir neshe pánlerden (kárxanalar ekonomikası, menejment, tiykarları, ekologiya hám qorshaǵan ortalıq qorǵaw, puqaralıq qorǵanıw h.t.b) mashqaları boyınsha belgilenbegen metodikalıq qollanbalar tiykarında orınlanıp jazılatuǵın jumıs.

**Kurs proekti** – bir yaki bir neshe pánlerdiń (texnologiyalıq process hám qurılmalar, injenerlikke baylanıslı proekt jumısları orınlanatuǵın pánler) mashqaları boyınsha málim metodikalıq qollanbalar tiykarında orınlaytuǵın grafikalıq sızılmalar hám jazba esabat jumısları.

**Diplom proekti** – qánigelik pánge tiyisli berilgen tema boyınsha islep shıǵarıw kárxananıń yaki bólimin proektlewge qaratılǵan, grafikler, sızılmalar hám esap

jumısları menen bayan etiletuǵın belgilengen metodikalıq qollanbalar tiykarında jazılatuǵın proektlik jumıs.

**Ámeliyat esabatı** – aldın ala ótkerilgen qánigelik ámeliyat (tanısıw, islep shıǵarıw pitkeriw aldı qánigelikleri) boyınsha belgilengen metodikalıq qollanbalar tiykarında jazılatuǵın esabat.

**Pán dógereklerinde qatnasıw** – studentlerdiń pán dógereklerinde maket, slayd, ulgileri hám t.b. kórgizbeli materiallardı tayarlawı.

Tańlawlarda qatnasıw oqıtıwshınıń ilimiy basshılıǵı astında studenttiń hár qıylı tańlawlarǵa qatnasıwı (jas oylap tabıwshı, studentlerdıń startap proektleri hám t.b).

**Pán olimpiadalarına qatnasıw –** pánler boyınsha Joqarı oqıw orınları arasında ótkeriletuǵın olimpiadalarda qatnasıw. (ximiya, fizika,c biologiya hám t.b).

**Ilimiy konferenciyalarǵa qatnasıw pánge tiyisli ilimiy**-izertlewler temasınan Joqarı oqıw orınları Respublikalıq hám xalıqaralıq kólemde ótkeriletuǵın konferenciyalar kólemde konferenciyalarda bayanat jasaw.

**Ilimiy tezis hám maqalalardı baspadan shıǵarıw –** ilimiy konferenciyalardıń toplamlarında tezisler hám ilimiy jurnallarda ilimiy izertlew teması boyınsha maqalalardı baspadan shıǵarıw.

**Oqıw metodikalıq metodikalıq materiallardı tayarlawda qatnasıw –** sabaqlıq, oqıw qollannba, metodikalıq qollanba, metodikalıq kórsetpe hám t.b. Oqıw metodikalıq ádebiyatlardı tayarlawda qatnasıw.

Oqıtıwshınıń basshılıǵında alıp barılatuǵın elektron kórinistegi studenttiń óz - betinshe jumısı.

**Luik** – internet saytların ashıp onda keltirilgen video hám tekst materiallardı belgilengen kólemde túsindiriw.

**Chart –** Tablica, diagramma hám sxemalardı sheklengen kólemde analizleydi.

**Q/A** – aralıq tálim plarformasında oqıtıwshı tárepinen berilgen sorawlarǵa belgilengen kólemde jazba juwap beriw.

**Review** – usınılǵan dereklerge annotaciya jazıw.

**SWOT** – student belgili bir túsinikti sheklengen kólemde SWOT – analiz etedi.

**Interview** – mashqalanı analiz etiw boyınsha sáwbetlesiw shólkemlestiriw hám onı aralıq tálim platformasına jaylastırıw.

**Google apps –** Googleclasroom platforması birgelikte slaydlar, tablicalar, tekstler kórinisindegi tapsırmalardı orınlaw.

**Dayject** – berilgen tema boyınsha internet saytlar toplamın keltiriw, Kartoteka toplaw hám olardı qısqasha túsindiriw.

**Report** – studentler labaratorıya shınıǵıwları boyınsha esabatların aralıq tálim platformasına kiritedi[3].

Oqıtıwshınıń bashılıǵındaǵı studentlerdiń óz betinshe jumısları bayanı temaları, tapsırmaları ótkeriw túrleri. Saatlar kólemi kórsetilgen túrde pánniń sillabusımda pán modulları boyınsha keltitiledi.

Studenttiń óz betinshe jumıs innovacion texnologiyalarǵa tiykarlanǵan bolıwı shárt. Oqıtıwshı basshılıǵında studenttiń óz betinshe jumısınıń auditorıyadaǵı túri, aldın ala berilgen tapsırma sheńberinde studentlerdiń sabaqlıq hám birlemshi faktler, topar bolıp tapsırmalardı orınlaw, jeke tártiptegi analizlew iskerliklerin názerde tutadı[4]. Hár bir pán boyınsha oqıtıwshı basshılıǵındaǵı studentlerdiń óz betinshe jumısı sánesi waqtı, auditoryası hám oqıtıwshınıń famılıyası kórsetilgen halda grafik boyınsha ótkeriledi.

Studenttiń óz betinshe jumısı sapasın kafedra qadaǵalawǵa aladı. Bunda studenttiń óz betinshe jumısınıń kólemi mazmunı hám esabat túrin tastıyıqlaydı, kólem izbe-izligin hám tapsırıw múddetlerin anıqlaydı. Óz betinshe jumıslardıń nátiyjeleri boyınsha studentlerdiń hám oqıtıwshılardıń esabatların kórip shıǵadı[5].

Juwmaqlastırıp aytqanda studenttiń óz betinshe jumısın tuwrı shólkemlestiriw, pedagogtıń eń áhimyetli wazıypalarınan biri bolıp, studenti bilim – ilim alıwǵa baǵdarlawda úlken áhimyetke iye.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Mirziyayev.Sh. «2017-2021-jıllarda Ózbekistan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes áhmiyetli baǵdarı boyınsha háreketler strategiyası» PF-4947 07.02.2017-jıl.

2. Usmanov B.SH. Xabibullaev R.A. oliy oʻquv yurtlarida oʻquv jarayonini kredit – modul tizimida tashkil qilish: Oʻquv qoʻllanma T. “Tafakkur” – 2020 – 120 bet.

3. Xodiev B.Y. Golish.L.B Mustaqil oʻquv foaliyatini tashkil etish usul va vositalari. Oʻquuv uslubiy qoʻllanma

4. Ishmuxammedov R. Abduxodirov.A, Pardaev. A..Talimda innovacion texnologiyalar – T.., Istedod 2008. 180 bet.

5. Ishmuxammedov R. innovacion texnologiyalar yordamida talim samodarligin oshirish yoʻllari – T Nizomiy nomidagi TDPU, 2005 yil.